Алагиры 7-æм муниципалон бюджетон сывæллæтты рæвдауæндон

# КОНСПЕКТ

# «ХÆДЗАРОН ЦÆРÆГОЙТÆ»

рæвдауæндоны кæстæр къорд (2-3 азы)



**Алагиры 7-æм**
**рæвдауæндоны хъомылгæнæг**
**Зæнджиаты Заремæ**

**2021 аз**

# Конспект НОД в первой младшей группе «Домашние животные»

*Цель*:

Развитие познавательного интереса к окружающему миру формирование представлений о домашних животных.

*Задачи*:

**Образовательные**: научить детей различать по внешнему виду и называть более распространённых домашних животных. Сформировать представление о животном, его внешнем виде.

**Развивающие**: мышление, память, внимание, наблюдательность.

**Речевые**: Способствовать освоению диалоговой речи, обогатить словарный запас детей.

*Демонстрационный материал*: изображения домашних животных (корова, свинья, лошадь, кошка, собака)

*Методические приёмы*: игровая ситуация, беседа-диалог, физкультминутка, подведение итогов.

Чтение « Серенький козлик»

**Ход занятия**:

*Сывœллœттœ бадынц, хъомылгœнинаг сœ цуры лœууы.*

**Хъомылгœнинаг:** Сывœллœттœ, абон нœм уазœгуаты œрбацыд кукла Мадинœ. Сабитœ кукла мын мœ хъусы сусœгœй фехъусын кодта, кœй уын œрбахаста къопп, йœ хуылфы та хъазœнтœ хœдзарон цœрœгойтимœ, œрмœст уœ куры Мадинœ, цœмœй йын аххуыс кœнат сœ нœмттœ œрхъуыды канын. Уœ хорзœхœй бахуысс ын кœндзыстœм?

**Сывœллœтœ:** Уоо.

*(Хъомылгœнинаг къоппœй исы хадзарон цœрœгойты, систа хъуг)*

**Хъомылгœнинаг:** Сывœллœттœ ай цы уы?

**Сывœллœттœ:** Хъуг.

**Хъомылгœнинаг:** œмœкуыд уасы хъуг?

**Сывœллœттœ:** Мууу.

**Хъомылгœнинаг:** Тынг раст!

*Систа хъуыбыл*

**Хъомылгœнинаг:** Чи аххуыс кœндзœн Мадинœйœн цы уы ай?

**Сывœллœттœ:** Хъуыбыл

**Хъомылгœнинаг:** Иттœг раст.

**Хъомылгœнинаг:** Хъуыбыл та куыд уасы?

**Сывœллœттœ:** Хрю- хрю!

**Хъомылгœнинаг:** Мœнœ цы диссаджы хорз зонынц алцыдœр.

*(Систа бœх)*

**Хъомылгœнинаг:** Чи мын зœгъдзœн цавœр хœдзарон цœрœгой уы?

**Сывœллœттœ:** Бœх.

**Хъомылгœнинаг:** Цок, цок, цок.

**Хъомылгœнинаг:** Уœ хорзœхœй, бœх куыд уасы, афтœ ма ауасœм иумœ. (Сывœллœттœ œмœ хъомылгœнинаг уасынц иумœ иго-го)

*(Систа гœды œмœ куыдз)*

**Хъомылгœнинаг:** œрбакœсут ма лœмбынœг œмœ зœгъут цы ис мœ къухы?

**Сывœллœттœ:** Гœды œмœ куыдз.

**Хъомылгœнинаг:** Гœды œмœ куыдз œввахс цœрынц адœймагимœ. Куыдз цœры хœдзары раз œмœ хъахъхъœны хœдзар œцœгœлон адœмœй. Тынг бирœ уарзы стджытœ œхсынын. Гœды та уарзы œхсыр œмœ ахсы мыстытœ.

**Хъомылгœнинаг:** Сывœллœттœ зœгъут ма куыд рœйы куыдз?

**Сывœллœттœ:** Гав, гав.

**Хъомылгœнинаг:** Мœнœ цы хорз, уœд гœды та куыд уасы?

**Сывœллœттœ:** Мяу.

**Хъомылгœнинаг:** Раст сывœллœттœ.

**Хъомылгœнинаг:** Мœ гыццыл хуртœ, абон цы цœрœгойтœ œрхъуыды кодтам нœ зœрдыл, уыдон сты хœдзаронтœ уымœн, œмœ цœрынц хœдзары адœймагмœ œввахс. Уыцы цœрœгойтœм адœймаг зилы,хœринаг сын дœтты, уыдон та нын дœттынц œхсыр,цыхт, дзидза, пайда хœссынц.

**Физминутка???**

**Хъомылгœнинаг:** Сывœллœттœ мœнœ ма œркœсут, стъолыл ис хœдзарон цœрœгойты нывтœ, фœлœ дзы цыдœр нœ фаг кœны. *(сывœллœтты дзуапп)*

**Хъомылгœнинаг:** Раст мœ къонатœ, нывты нœ фаг кœны кœрдœг. Хъуццытœ, бœхтœ, тынг уарзынц кœрдœг. Уœ хорзœхœй, аххуысс ма сын кœнœм œмœ дзы снывкœнœм кœрдœг.

(Сывœллœттœм хъомылгœнинаг фœдзырдта œмœ ныв кœнынц кърандœштœй œмраст хахх кœнынц кœрдœг.

**Хъомылгœнинаг:** Диссаджы дзœбœх сабитœ, баххуысс кодтат хъуццытœн, œмœ ныр хœрдзысты кœрдœг. œрлœууын ма кœнœм нœ зœрдыл, чи нœм œрбацыд абон уазœгуаты (кукла Мадинœ). Цы ферох кодта Мадинœ? Цавœр цœрœгойтœ сты уыдон?

**Кукла Мадинœ:** Стыр бузныг уын сабитœ, сымах мын œрхъуыды кœнын кодтат œрмœст хœдзарон цœрœгойты нœа, фœлœ ма мын равдыстат куыд уасынц, уый дœр. œз цœ ныр никуы уал ферох кœндзынœн. Уœ цœрœнбон бирœ. Ныр та уын зœгъын хœрзбон, цœуын ме'мбœлттœм œмœ сын радзурон хœдзарон цœрœгойты тыххай.

**Хъомылгæнинаг:** Кукла Мадина сывæллæтты фæнды балæвар кæнын дæуæн хæдзарон цæрæгойы ныв.
**Кукла Мадинæ:** Бузныг сывæллæттæ.